

PATIENTS FIRST SUPPORT SERVICES**Politik Èd Finansye**

Sistèm Sante Cleveland Clinic Florida (“CC Florida”) gen ladan plizyè lopital ak etablisman medikal nan Sidès ak nan Lès Sant Florid, ankontan lopital Cleveland Clinic Weston, Cleveland Clinic Indian River Medical Center ak Cleveland Clinic Martin Memorial Medical Center.

Politik CC Florida a se pou founi swen medikal pou pasyan san lide pou fè pwofi, san fè distenksyon pou ras, kwayans, oswa kapasite pou peye. Pasyan ki pa gen mwayen pou peye pou sèvis yo bay nan etablisman CC Florida yo ka mande èd finansye, epi y ap akòde èd finansye a dapre kondisyon jeneral yo ki presize anba a. Bi kritè kalifikasyon pou èd finansye dapre politik sa a se pou asire CC Florida ap gen resous finansye pou bay swen pou pasyan ki nan pi gwo nesese finansye. Politik sa a aplike pou tout etablisman CC Florida yo, ki gen ladan lopital ak sant sante familyal li yo, jan sa defini anba a.

I. Enfòmasyon Jeneral

- A. Cleveland Clinic Foundation (Cleveland Clinic), ki se sosyete santral sistèm sante Cleveland Clinic Florida a, ak lopital afilye li yo, se òganizasyon byenfezans ki egzante pou taks nan sans §501(c)(3) nan Kòd Revni Entèn ak enstitisyon byenfezans dapre lwa Eta a.
- B. Benefisyè prensipal Politik Èd Finansye sa a se pasyan ki pa asire ki gen Revni Anyèl Fanmi ki pa depase 100% Gid Povrete Federal (Federal Poverty Guidelines, FPG) pou Revni ke Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini pibliye detanzantan, epi ki anvigè nan dat sèvis la pou akòde Èd Finansye dapre politik sa a (FPG a). Èd finansye ki baze sou revni kapab disponib pou pasyan ki pa asire ak pou sèten lòt pasyan ki gen Revni Anyèl Fanmi *jiska* 400% FPG a. Pasyan ki gen difikilte finansye oswa difikilte pèsònèl, oswa ki gen sikonstans medikal espesyal gendwa kalifye pou èd tou. Nan kèlkanswa sikonstans, yo p ap chaje yon pasyan ki kalifye pou èd finansye nan Politik sa a plis pase montan yo faktire anjeneral pou swen an.

II. Definasyon yo

“Revni Anyèl Fanmi” an gen ladan peman ak salè ansanm ak revni ki pa salè, ankontan alimoni ak sipò timoun; avantaj sekirite sosyal, chomaj, ak konpansasyon travayè; ak pansyon, enterè oswa revni lwaye Fanmi an.

“Aplikasyon” vle di pwosesis lè w aplike dapre Politik sa a, ansanm ak (a) swa lè ou ranpli Aplikasyon pou Èd Finansye Cleveland Clinic la an pèsòn, sou entènèt oswa nan telefòn avèk yon Reprezantan Finansye Pasyan oswa (b) lè ou poste oubyen ou livre yon kopi enprime Aplikasyon ou ranpli pou Èd Finansye Cleveland Clinic la. “CC Florida” vle di etablisman nan Lès Sant Florid yo ak etablisman nan Sidès Florid yo.

“Etablisman nan Lès Sant Florid” vle di Cleveland Clinic Indian River Medical Center, ak etablisman pou pasyan ekstèn Cleveland Clinic Indian River Medical Center posede yo, ki gen ladan tout etablisman anbilatwa ak kabinè doktè ki anplwaye nan Konte Indian River, epi Cleveland Clinic Martin Memorial Medical Center ak etablisman pou pasyan ekstèn Cleveland Clinic Martin Memorial Health Systems Inc. posede yo, ki gen ladan tout etablisman anbilatwa ak kabinè doktè ki anplwaye nan Konte Martin ak South St. Lucie.

“Swen Dijans” oswa “Tretman Dijans” vle di swen oswa tretman pou yon Eta Medikal Dijans jan li defini nan EMTALA.

“EMTALA” se Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Tranche Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act) (42 U.S.C. §1395dd).

Politik Èd Finansye, swit

“Fanmi” vle di pasyan an, mari/madanm pasyan an (kèlkeswa kote mari/madanm lan abite) ak tout timoun natirèl oswa adoptif pasyan an ki poko gen dizuit an k ap viv avèk pasyan an. Si pasyan an poko gen laj dizuit an, fanmi an dwe gen ladan pasyan an, paran (yo) natirèl oswa adoptif pasyan an (kèlkeswa kote paran yo ap viv), ak tout paran (yo) natirèl oswa adoptif timoun ki poko gen laj dizuit an ki abite nan kay la.

“FPG” vle di Gid Povrete Federal (Federal Poverty Guidelines, FPG) pou Revni ke Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini pibliye detanzantan, epi ki anvigè nan dat sèvis la.

“Garan” se yon moun ki pa pasyan ki responsab pou peman bòdwo medikal pasyan an.

“Pasyan ki Asire” yo se moun ki gen nenpòt asirans sante leta oswa prive.

“Swen pou Nesosite Medikal” vle di sèvis ki rezonab epi ki nesèsè pou fè dyagnostik ak pou bay tretman pou prevansyon, pou trete sentòm, pou geri oswa pou repare pwoblèm fizik oubyen mantal annakò avèk nòm swen sante yo rekonèt sou plan pwofesyonèl epi ke yo aksepte anjeneral nan moman yo founi sèvis yo. Swen pou nesosite medikal pa gen ladan sèvis transplantasyon ni li pa gen ladan medikaman preskripsyon pasyan ekstèn.

“Politik” vle di Politik Èd Finansye sa a jan li anvigè aktyèlman.

“Rezidan” vle di yon moun ki rezidan legal Ozetazini epi ki yon rezidan legal nan Konte Broward, Indian River, Martin, oswa South St. Lucie, nan Florid pandan sis (6) mwa omwen nan moman yo founi sèvis yo, oswa ki gen entansyon nòmalman pou l rete nan konte kote l ap mande sèvis medikal yo pandan sis (6) mwa omwen apre yo bay sèvis yo.

“Etablisman nan Sidès Florid” vle di lopital Cleveland Clinic Weston sèlman.

“Pasyan ki Pa Asire yo” se moun: (i) ki pa gen asirans sante leta oswa prive; (ii) ki gen avantaj asirans men yo fin itilize avantaj yo; oswa (iii) nan Konte Indian River, Martin, oswa South St. Lucie, yo gen avantaj asirans ki pa kouvri Swen pou Nesosite Medikal ke pasyan an ap chèche.

III. Relasyon avèk Lòt Politik yo

- A. Politik Anrapò ak Swen Medikal Dijans. Annakò avèk EMTALA, tout etablisman CC Florida ki konsène yo ap founi yon depistaj apwopriye pou nenpòt moun ki mande tretman pou yon posiblite eta medikal dijans, kèlkeswa kapasite l pou peye. Yon etablisman ap founi, san diskriminasyon, swen pou eta medikal dijans pou moun yo san gade si yo kalifye pou èd finansye. Si, apre yon depistaj medikal apwopriye, pèsònèl CC Florida detèmine moun nan gen yon eta medikal dijans, CC Florida ap ofri sèvis yo, dapre kapasite etablisman CC Florida a, ki nesèsè pou estabilize eta medikal dijans moun lan, oswa l ap fè yon transfè ki apwopriye jan sa defini nan EMTALA (al gade nan Politik EMTALA CC Florida a).
- B. Kouvèti Medikaman Preskripsyon. Pasyan ki nan nesosite pou èd ki gen depans pou medikaman preskripsyon ka kalifye pou youn nan pwogram èd pou pasyan ke konpayi famasetik yo ofri. Tanpri kontakte Cleveland Clinic pa telefòn nan 866-650-6337 pou jwenn plis enfòmasyon.

IV. Kritè kalifikasyon pou Èd Finansye

Pasyan ki reponn a kalifikasyon yo ki anba a kalifye pou èd ki dekri nan Seksyon VII Politik sa a.

A. Etablisman nan Lès Sant Florid

Pasyan k ap chèche swen nan etablisman ki nan Lès Sant Florid yo kalifye pou èd finansye CC Florida dapre politik sa a nan youn nan twa kategori kalifikasyon finansye annapre yo:

1. Èd Finansye ki Baze sou Revni:

- a. Pasyan ki se Pasyan ki Pa asire epi ki gen Revni Anyèl Fanmi ki pa depase 400% FPG a,
- b. K ap chèche Swen Dijans oswa Swen pou Nesosite Medikal pou pasyan entèn oubyen sèvis lopital pou pasyan ekstèn osnon sèvis doktè, epi
- c. Ki rezidan Konte Indian River, Konte Martin, oswa pòsyon nan Konte South St. Lucie ki nan sid Midway Road (“South St. Lucie”)

Politik Èd Finansye, swit

2. Èd Finansye pou Balans Katastwofik: Pasyan ki gen twòp depans medikal ki te lakòz yo gen yon balans yo dwe CC Florida nan frè yo te fè pou yon epizòz swen ki plis pase 15% nan Revni Anyèl Fanmi pasyan an
3. Èd pou Sèvis Matènite: Pasyan ansent ki gen asirans ki pa founi avantaj pou matènite ap kalifye pou Èd Finansye pou sèvis matènite yo dapre kategori sa a si Revni Anyèl Fanmi an pa depase 400% FPG, si yo se Rezidan Konte Indian River, Martin, oswa South St. Lucie County epi yo dakò pou yo kolabore avèk Cleveland Clinic pou detèmine si yo gendwa kalifye pou pwoteksyon asirans nan yon pwogram leta.
4. Evalyasyon pou Medicaid: Pasyan ki pa asire k ap chèche swen nan yon etablisman nan Lès Sant Florid ka kontakte yon reprezantan pou detèmine si yo gendwa kalifye pou Medicaid. Pasyan ki pa asire yo dwe kolabore nan pwosesis kalifikasyon pou Medicaid la pou CC Florida ka fè yon detèminasyon kalifikasyon pasyan an pou èd finansye dapre Politik la.

B. Etablisman nan Sidès Florid

Pasyan k ap chèche swen nan etablisman nan Sidès Florid CC Florida yo kalifye pou èd finansye pou sèvis yo founi nan anplasman lopital Cleveland Clinic Weston sèlman dapre politik sa a nan youn nan de kategori kalifikasyon finansye annapre yo

1. Èd Finansye ki Baze sou Revni:

- (i) Pasyan ki se Pasyan ki Pa asire epi ki gen Revni Anyèl Fanmi ki pa depase 400% FPG a,
- (ii) K ap chèche Swen Dijans, epi
- (iii) Ki Rezidan Konte Broward

2. Èd Finansye pou Balans Katastwofik: Pasyan ki gen twòp depans medikal ki te lakòz yo gen yon balans yo dwe CC Florida nan frè pou yon epizòz swen ki plis pase 15% nan Revni Anyèl Fanmi pasyan an.

Yo gendwa refere Pasyan ki pa kalifye pou Èd Finansye yo bay yon founisè ki gen asistans pou taks.

C. Lòt Fason pou Kalifye pou Èd.

Yon pasyan ki pa kalifye pou Èd Finansye nòmalman dapre Politik sa a, men ki pa kapab peye depans pou Swen Dijans oswa Swen pou Nesesite Medikal gendwa chèche èd nan sikonstans annapre yo:

1. Sikonstans Eksepsyonèl: Pasyan ki siyale yo gen difikilite pèsònèl oswa difikilite finansye estrèm (ankontan yon maladi ki nan dènye estad oswa lòt pwoblèm medikal katastwofik).
2. Sikonstans Medikal Espesyal: Pasyan k ap chèche tretman kote se pèsònèl medikal CC Florida sèlman ki kapab founi yo, oswa ki ta jwenn yon avantaj nan sèvis medikal kontini nan CC Florida pou kontinye pran swen. Rezidan Konte Indian River, Martin, ak South St. Lucie ki bezwen swen espesyalize ki disponib nan CC Weston sèlman ka kalifye pou swen nan sikonstans sa yo.

Y ap evalye demann pou èd akòz Sikonstans Eksepsyonèl oswa Sikonstans Medikal Espesyal yo dapre desizyon sou chak ka apa.

V. Metòd pou Aplike

A. Èd Finansye ki Baze sou Revni

- (i) Y ap trete pasyan k ap chèche Swen Dijans san gade si yo kalifye pou èd finansye. Si sa apwopriye sou plan medikal, yon pasyan ki te resevwa Swen Dijans ka resevwa enfòmasyon nan depatman Dijans nou yo nan men yon Reprezantan Finansye Pasyan konsènan disponiblite èd finansye epi yo ka kòmanse yon aplikasyon onon li si li ka kalifye pou plis èd.
- (ii) Nenpòt lòt pasyan k ap chèche èd finansye ki baze sou revni nenpòt lè nan pwosesis planifikasyon oswa faktirasyon ka ranpli Aplikasyon pou Èd Finansye a epi yo pral mande pou l bay enfòmasyon sou Revni Anyèl Fanmi an pou peryòd twa mwa yo ki touswit anvan dat evalyasyon kalifikasyon an. Yo ka itilize sèvis twazyèm pati pou verifikasyon revni kòm prèv Revni Anyèl Fanmi an. Ou ka jwenn Aplikasyon pou Èd Finansye yo nan depatman Dijans nou yo ak nan zòn Admisyon yo, sou do relve enprime Cleveland Clinic ba w la, oswa nan men yon Reprezantan Finansye Pasyan nan

Politik Èd Finansye, swit

etablisman nou yo, osnon sou entènèt nan www.clevelandclinic.org/financialassistance. Si w ap rele pou sèvis nan Ohio, Nevada, oswa Weston Hospital, rele Patient First Support Services nan 866.621.6385. Si w ap rele pou sèvis nan Cleveland Clinic Indian River Medical Center rele 772.567.4311 x1169. Si w ap rele pou sèvis nan Martin Memorial Medical Center rele 772.223.5680.

- (iii) Èd Finansye Pwobab nan etablisman nan Lès Sant Florid yo. Si Cleveland Clinic kapab detèmine nan bazdone verifikasyon twazyèm pati ke yon pasyan gen Revni Anyèl Fanmi nan 400% FPG a oswa pi ba, y ap konsidere pasyan sa kalifye pou Èd Finansye san lòt enfòmasyon oswa dokiman nan moman planifikasyon oswa anvan admisyon. Yo ap enfòmasyon pasyan an alekri epi, si yo konsidere li kalifye pou mwens pase 100% èd, l ap gen posibilite pou soumèt yon Aplikasyon pou Èd Finansye si pasyan an kwè li ka kalifye pou jwenn plis èd.
- (iv) Si gen yon dekalaj ant de sous enfòmasyon yo, yon reprezantan Cleveland Clinic gendwa mande enfòmasyon anplis pou soutni Revni Anyèl Fanmi an.

B. Balans Katastwofik

Chak mwa, pandan pwosesis faktirasyon an, Cleveland Clinic gendwa itilize bazdone verifikasyon twazyèm pati pou detèmine si frè yo ki angaje pou yon epizòd swen depase 15% Revni Anyèl Fanmi an. Si yo depase l, Cleveland Clinic ap sipoze pasyan an kalifye pou Èd Finansye epi l ap enfòmasyon pasyan an alekri. Si balans lan pa depase 15% Revni Anyèl Fanmi an dapre done verifikasyon twazyèm pati a, yo p ap sipoze pasyan an gen yon balans katastwofik.

C. Sikonstans Eksepsyonèl

Cleveland Clinic ap kòmanse yon Aplikasyon pou nenpòt pasyan CC Florida kòm moun ki gen yon gwo balans oswa ki riske gen yon gwo balans oswa ki rapòte yon difikilte pèsònèl oswa finansye estrèm. Cleveland Clinic ap rasanble enfòmasyon sou sikonstans finansye ak difikilte pèsònèl yo nan men pasyan an. Patients First Support Services (PFSS) pran desizyon yo anba direksyon direktè finansye (CFO) Cleveland Clinic Foundation oswa reprezantan l. Y ap fè pasyan an konnen desizyon final la alekri.

D. Sikonstans Medikal Espesyal

Cleveland Clinic ap kòmanse yon Aplikasyon pou nenpòt pasyan yo idantifye pandan pwosesis planifikasyon oswa admisyon an kòm pasyan ki ka gen sikonstans medikal espesyal epi yon Reprezantan Finansye Pasyan ap mande yon rekòmandasyon nan men pèsònèl medikal CC Florida ki endike si pasyan an bezwen tretman kote se pèsònèl medikal CC Florida sèlman ki kapab founi yo, oswa li ta jwenn yon avantaj nan sèvis medikal kontini nan CC Florida pou kontinye pran swen. Y ap enfòmasyon pasyan an alekri si li pa kalifye pou èd finansye dapre sikonstans medikal espesyal. Nan CC Weston, yo dwe jwenn yon rekòmandasyon nan men doktè pasyan an deja genyen nan CC Florida. Se yon komite ki gen ladan doktè ki responsab tretman an ak reprezantan direksyon ak administrasyon doktè CC Florida ki pran desizyon sou sikonstans medikal espesyal yo.

E. Aplikasyon Enkonplè oswa ki Manke

Y ap enfòmasyon pasyan yo si gen enfòmasyon ki manke nan Aplikasyon pou Èd Finansye a epi y ap ba yo yon posibilite rezonab pou founi enfòmasyon yo. Si yo pa bay enfòmasyon ki manke yo, Cleveland Clinic ka itilize bazdone verifikasyon revni twazyèm pati pou konplete Aplikasyon pou Èd Finansye a.

VI. Pwosesis Detèminasyon Kalifikasyon

- A. Entèvyou Finansye. Yon reprezantan finansye pasyan Cleveland Clinic pral eseye kontakte nan telefòn tout pasyan ki pa asire ki pa gen kalifikasyon pwobab pou Èd Finansye nan moman planifikasyon an. Reprezantan finansye pasyan an ap mande enfòmasyon, ki gen ladan gwosè fanmi an, sous revni fanmi an ak nenpòt lòt sikonstans finansye oswa sikonstans ki jistifye konsiderasyon ki anfavè kalifikasyon dapre Politik sa a, epi l ap ranpli yon aplikasyon kòm sadwa. Nan moman randevou oswa nan moman admisyon, y ap mande pasyan an pou l vizite Reprezantan Finansye Pasyan an ak pou l siyen Aplikasyon pou Èd Finansye a.
- B. Aplikasyon. Kit li ranpli an pèsòn, sou entènèt, kit yo livre l oswa yo poste l, y ap voye tout Aplikasyon pou Èd Finansye bay ekip Patients First Support Services (PFSS) la pou li evalye yo ak travay sou yo.
- C. Detèminasyon Kalifikasyon. PFSS ap evalye epi travay sou tout Aplikasyon pou Èd Finansye yo. Y ap enfòmasyon pasyan an ak yon lèt konsènan desizyon sou kalifikasyon an. Pasyan ki kalifye pou mwens pase 100% Èd Finansye (ki pa

Politik Èd Finansye, swit

pasyan yo konsidere ki gen kalifikasyon pwobab) ap resevwa nan men yon Reprezantan Finansye Pasyan yon estimasyon montan yo dwe epi y ap mande pou yo òganize aranjman pou peman oswa pou yo peye yon depo 50% anvan planifikasyon; akondisyon, sepanndan, aranjman pou peman sa pa janm nesèsè kòm yon kondisyon pou yo resevwa tretman pou Swen Dijans.

VII. Baz pou Kalkile Montan yo Chaje Pasyan, Dimansyon, ak Dire Èd Finansye

Pasyan ki kalifye pou resevwa èd finansye ki baze sou revni dapre Politik la ap resevwa èd la selon kritè revni annapre yo:

- Si revni anyèl fanmi ou rive jiska 250% FPG a, w ap resevwa swen gratis.
- Si revni anyèl fanmi ou ant 251% ak 400% FPG a, w ap resevwa swen ak rabè sou frè brit yo nan “montan yo chaje anjeneral” pou sèvis sa yo pou Pasyan ki Asire yo.

Jan yo itilize l nan dokiman sa, “montan yo chaje anjeneral” gen siyifikasyon ki presize nan IRC §501(r)(5) ak nan nenpòt règleman oswa lòt direktiv Depatman Trezò Etazini oswa Sèvis Revni Entèn pibliye ki defini tèm sa. Al gade nan Anèks A pou jwenn yon eksplikasyon an detay sou fason yo kalkile “montan yo faktire anjeneral”.

Depi Cleveland Clinic fin detèmine yon pasyan kalifye pou èd finansye ki baze sou revni, desizyon sa a valab pandan katreven dis (90) jou apati dat revizyon kalifikasyon an. Apre katreven dis (90) jou, pasyan an ka ranpli yon nouvo Aplikasyon pou Èd Finansye pou mande èd finansye anplis.

Y ap kouvri frè yo idantifye yo pou pasyan yo te apwouve pou èd ki gen yon Balans Katastwofik.

Pou pasyan ke yo apwouve pou èd nan Sikonstans Eksepsyonèl oswa Sikonstans Medikal Espesyal, y ap kouvri pasyan an nan Politik sa a pou 100% frè li poko peye yo, ak pou frè pou tout Swen Dijans ak Swen Nesesite Medikal pandan peryòd ki nesèsè pou fini tretman an oswa swen yo dapre jan doktè CC Florida ki responsab tretman an ka detèmine l. Yon pasyan ki gen sitiyoasyon finansye l chanje ka mande pou yo fè yon re-evalyasyon pou li nenpòt lè.

VIII. Detèminasyon Kalifikasyon pou Èd Finansye Anvan Aksyon pou Non-Peman

- A. Faktirasyon ak Efò Rezonab pou Detèmine Kalifikasyon pou Èd Finansye. Cleveland Clinic chèche detèmine si yon pasyan kalifye pou èd dapre Politik sa a anvan admisyon an oswa sèvis la oubyen nan moman admisyon oswa sèvis la. Si yo pa te detèmine yon pasyan kalifye pou èd finansye anvan egzeyat oswa anvan sèvis la, Cleveland Clinic ap chaje pou swen yo. Si pasyan an asire, Cleveland Clinic ap chaje konpayi asirans li gen nan dosye pasyan an pou frè ki genyen yo. Apre desizyon konpayi asirans pasyan an, y ap chaje pasyan an dirèkteman pou nenpòt responsablite ki rete. Si pasyan an pa asire, Cleveland Clinic ap chaje pasyan an dirèkteman pou frè ki genyen yo. Pasyan yo ap resevwa nan adrès yo gen nan dosye pou pasyan an yon seri ki gen jiska kat relve faktirasyon pandan yon peryòd 120 jou ki kòmanse apre pasyan an egzeyate. Se sèlman pasyan ki gen yon balans ki poko peye k ap resevwa yon relve faktirasyon. Relve faktirasyon yo gen ladan yon Rezime nan Langaj Klè sou Politik sa a ak fason pou aplike pou èd finansye.

Pou pasyan k ap chèche swen nan yon etablisman nan Lès Sant Florid, Cleveland Clinic ap pran inisyativ tou pou chèche idantifye pasyan ki kalifye pou èd finansye ki baze sou revni dapre politik sa a pa mwayen itilizasyon bazdone verifikasyon twazyèm pati. Y ap enfòmè pasyan yo idantifye ki gen kalifikasyon pwobab pou èd ki baze sou revni, epi yo kapab aplike pou èd anplis.

Efò rezonab pou detèmine kalifikasyon gen ladan: notifikasyon Cleveland Clinic bay pasyan an sou Politik la nan moman admisyon ak komunikasyon alekri ak aloral avèk pasyan an konsènan bòdwo pasyan an, yon efò pou enfòmè moun lan nan telefòn osijè Politik la ak pwosesis pou aplike pou èd 30 jou omwen anvan yo pran aksyon pou kòmanse nenpòt pwosè lajistis, ak yon repons alekri pou nenpòt Aplikasyon pou Èd Finansye dapre Politik sa a ki te soumèt nan 240 jou yo ki apre premye relve faktirasyon anrapò ak balans ki poko peye a oswa, si se pita, dat kote yon

- B. Aksyon Rekouvremant pou Balans ki poko peye. Si yon pasyan gen yon balans nan Cleveland Clinic ki poko peye apre yo te voye jiska kat relve faktirasyon pandan yon peryòd 120 jou, y ap refere balans pasyan an nan yon ajans koleksyon ki reprezante Cleveland Clinic ki pral chèche jwenn peman an. Cleveland Clinic ak ajans koleksyon li yo pa fè rapò bay biwo kredi yo, ni yo pa sezi salè osnon fè aksyon rekouvremant menm jan, sof si Konte Indian River ka egzije l otreman. Ajans koleksyon ki reprezante Cleveland Clinic yo gen kapasite pou chèche rekouvremant pou jiska 18 mwa apati moman yo te voye balans lan nan ajans koleksyon an. Yon pasyan ka aplike pou èd finansye dapre politik sa a menm apre yo fin voye balans pasyan an nan yon ajans koleksyon. Apre 120 jou omwen fin pase apre premye relve faktirasyon apre-egzeyat ki

Politik Èd Finansye, swit

montre frè ki rete san peye yo, epi dapre desizyon sou chak ka apa, Cleveland Clinic ka chèche jwenn rekouvreman pa mwayen yon pwosè lè yon pasyan gen yon balans ki poko peye epi li pa vle kolabore pou demann enfòmasyon oswa demann peman Cleveland Clinic oswa yon ajans koleksyon k ap travay onon l. Nan kèlkanswa sikonstans, yo p ap pran reta ni refize pou bay yon pasyan Swen Dijans akòz yon balans li poko peye. Nan kèlkanswa sikonstans, yo p ap pran reta ni refize pou bay yon pasyan Swen pou Nesesite Medikal anvan yo te fè efò rezonab pou detèmine si pasyan an ka kalifye pou Èd Finansye.

Yon pasyan ki pa asire k ap chèche pwograme nouvo sèvis nan yon etablisman nan Lès Sant Florid epi ki pa gen kalifikasyon pwobab pou èd finansye, yon reprezantan finansye pasyan ap kontakte l, epi reprezantan an ap enfòmasyon pasyan an osijè Politik la epi ede pasyan an kòmanse yon Aplikasyon pou Èd Finansye si li mande l.

Pou tout pasyan CC Florida yo, yon Reprezantan Finansye Pasyan ap kontakte yon pasyan ki gen yon gwo balans ki poko peye k ap chèche pwograme nouvo sèvis, epi reprezantan an ap enfòmasyon pasyan an osijè Politik la epi l ap travay avèk pasyan an pou fè aranjman peman, pou antann sou yon plan peman, oswa pou aplike pou èd finansye dapre politik sa a.

- C. Revizyon ak Apwobasyon. Patients First Support Services (PFSS) Cleveland Clinic gen otorite pou egzamine ak detèmine si gen efò rezonab ki te fèt pou evalye si yon Pasyan kalifye pou èd dapre Politik sa a, dekwa pou yo ka kòmanse aksyon koleksyon ekstraòdinè pou yon balans ki poko peye.

IX. Doktè ki pa Kouvri nan Politik Èd Finansye CCHS la

Lès Sant Florid. Pifò sèvis doktè ki anplwaye nan CC ofri nan etablisman CC Florida yo ki sitye nan Konte Indian River, Martin, ak South St. Lucie k ap travay nan chak etablisman kouvri nan FAP sa a. Yo idantifye doktè sa yo ki pa kouvri nan FAP a nan **Anèks B, Lis Founisè, ki vini ak enfòmasyon sa yo**, dapre non yo ak etablisman lopital kote yo travay. Yo fè mizajou lis la chak twa mwa epi li disponib tou sou entènèt nan www.clevelandclinic.org/financialassistance, nan tout Depatman Dijans ak zòn admisyon nou yo, epi sou demann lè w rele Patients First Support Services (PFSS) oswa lè w mande yon Reprezantan Finansye Pasyan Cleveland Clinic.

Sidès Florid. Nan lopital CC Weston, se doktè ki anplwaye ki kouvri nan FAP a ki founi sèvis dijans yo ak sèten lòt sèvis doktè nan lopital la. Yo idantifye kèk doktè sa yo k ap founi sèvis nan CC Weston ki pa kouvri nan FAP a nan **Anèks B, Lis Founisè**, ki vini ak enfòmasyon sa yo, dapre non yo ak etablisman lopital kote yo travay. **Sèvis nan kabinè doktè CC nan Sidès Florid yo ak sant sante famiyal ki endike nan Anèks B, Lis Founisè (ankontan Weston FHC ak Braathen Center nan kanpis Weston lan) pa kouvri nan FAP a.**

X. Mezi pou Pibliye Politik Èd Finansye a

CC Florida pran angajman pou fè gwo piblikasyon Politik sa a nan kominote yo ki resevwa sèvis etablisman CC Florida yo. Nan objektif sa, CC Florida ap pran mezi annapre la yo pou asire manm nan kominote ki resevwa sèvis nan etablisman li yo okouran Politik la epi yo gen aksè nan Politik la.

- A. Pou mete yon kopi Politik aktyèl la aladispozisyon kominote a, CC Florida ap afiche yon rezime nan langaj klè sou Politik la sou paj Wèb li ansanm ak yon kopi Politik la ak Aplikasyon pou Èd Finansye a ke moun ka telechaje, avèk esplikasyon sou fason pou telechaje kopi yo. Pa gen frè pou telechaje yon kopi Politik la, Rezime nan Langaj Klè a oswa Aplikasyon pou Èd Finansye a.
- B. CC Florida ap founi yon rezime nan langaj klè sou Politik la nan anplasman nan tout etablisman li yo kote rezime a ap disponib pou pasyan yo ak fanmi yo, epitou yo dwe founi yon rezime nan langaj klè sou Politik la avèk nenpòt bòdwo ki endike montan yo chaje pou sèvis yo.
- C. Reprezantan finansye pasyan yo ap mete yon rezime nan langaj klè sou Politik la aladispozisyon tout pasyan yo rankontre epi y ap bay nenpòt moun ki mande l yon kopi Politik la.
- D. CC Florida ap mete yon deskripsyon sou fason pou jwenn yon kopi, oswa enfòmasyon sou Politik la nan rapò yo prezante sou avantaj kominotè nan tout kominote a.
- E. Cleveland Clinic ap mete enfòmasyon konsènan Politik li a aladispozisyon ajans leta ak òganizasyon ki pa nan pwofi ki konsène yo ki annafè ak sante piblik nan zòn sèvis CC Florida yo.